# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–23 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु कानपुर दौरा के दौरान बिठूर महोत्सव 2025 में सामिल भइलें। एइजा मुख्यमंत्री युवा उद्यमी विकास योजना के तहत एक हजार 302 उद्यमियन के ऋण वितरण क चेक, नया नियुक्त भइल आंगनबाड़ी कार्यकत्रियन के नियुक्ति पत्र आ मुख्यमंत्री कृषक दुर्घटना कल्याण योजना के लाभारथियन के सहायता क चेक दिहलें। येह मौका पर श्री योगी कहलें कि केन्द्र अउर प्रदेस सरकार आस्था के साथे विकासो कइ रहल हौ। हर अदमी के महापुरूसन आ स्वतंत्रता संग्राम सेनानियन क सम्मान करे के चाही। कउनों आक्रांता हम्मन क आदर्स नाहीं हो सके ला।

***नये भारत के बारे में प्रधानमंत्री मोदी जी के अभियान को और अधिक मजबूती के साथ आगे बढ़ाने में हम अपना योगदान दें। इस विश्वास के साथ सरकार अपने महापुरूषों का सम्मान करने, उनके गौरव को पूरी प्रतिबद्धता के साथ आगे बढ़ाने के लिए कृतज्ञयता के साथ कार्य कर रही है।***

एकरे पहिले मुख्यमंत्री कानपुर नगर में मेट्रो स्टेसन चुन्नीगंज अउर निरमाणाधीन कन्वेंसन सेंटर क निरीक्षण कइ के जरूरी निरदेस दिहलें। एकरे बाद मुख्यमंत्री सरसैया घाट पर मण्डलीय समीक्षा बइठकी में कहलें कि कानपुर मण्डल क सज्जो जिला के सड़किनि क चौड़ीकरण अउर पुनरवास कार में तेजी ले आवल जाव।

**********

प्रदेस सरकार क आठ बरिस पूरा भइले पर प्रदेस में कई गो कार्यक्रम कइल जा रहल हौ। येही कड़ी में उत्तर प्रदेस कौसल विकास मिसन 25, 26 आ 27 मार्च के होखे वाला आयोजनन में मिसन, भव्य स्टॉल लगाई, जहवां आठ बरिस में हासिल कइल गइल सफलता के दरसावल जाई। योगी सरकार कौसल विकास मिसन के जरिये 2017–18 से अबले 14 लाख 13 हजार 716 नौजवानन के ट्रेनिंग दिहले हौ। एहमें से 5 लाख 66 हजार 483 नौजवानन के रोजिगारो दियावल गइल। एकरे अलावा 40 बड़हन रोजिगार मेलो आयोजित भइल जेहसे 77 हजार 55 नौजवानन के नोकरी मिलल।

**********

केन्द्रीय मंत्री मनसुख मांडविया आजु लखनऊ में गोमती नगर के मरीन ड्राइव पर फीट इण्डिया सण्डे ऑन साइकिल कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह मौका पर श्री मांडविया कहलें कि ई अभियान तेजी से देस में बढ़ि रहल हौ।

***आज संडे है फिट इंडिया मोमेंट में हर विक संडे आन साइकिल समग्र देश में एक मोमेट के रुप मे चल पडा है। देश के युवा देश के बुजुग्र देश के सब लोग संडे एक घंटे के लिए अपने स्वयं को फिट रखने के लिए साइकिलिंग करते है। साइकिल पॉल्यूशन का साल्यूशन भी है। साइकिल फिट रहने का मंत्र भी है।मैं देश के सभी नागरिक को आहवाहन करता हूँ की हर संडे एक घंटे के लिये साइकिलिंग करें और अपने स्वयं को फिट रखें।***

केन्द्रीय मंत्री कहलें कि ई मोटापा के खिलाफ सुरू भइल केन्द्र सरकार के आन्दोलनन में खास तौर से सामिल हौ।

**********

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी संयुक्त विश्वविद्यलय प्रवेस परीक्षा–सीयूईटी बदे पंजीकरण क तारीख बढ़ा दिहले हौ। ऑनलाइन आवेदन 24 मार्च ले कइल जा सके ला। परीक्षा फीसि जमा कइले क आखिरी तारीखो 25 मार्च राति इग्यारह बजि के पचास मिनट तक ले कइ दिहल गइल हौ। आवेदक आधिकारिक वेबसाइट–सीयूईटी डॉट एनटीए डॉट एनआईसी डॉट इन पर 26 से 28 मार्च के बिच्चे विवरण में सुधार कइ सके लें। देस के कई सहर अउर देस से बहरे क 15 सहर में कम्प्यूटर आधारित ई परीक्षा 8 मई से पहिली जून के बिच्चे करावल जाई।

**********

कृतज्ञ देस आजु तीनि गो महान स्वतंत्रता सेनानी सहीदे आजम भगत सिंह, शिवराम राजगुरू आ सुखदेव थापर के सरधांजलि दे रहल हौ। तिन्नो सपूतन के अजुये के दिन्ने 1931 में लाहौर के सेंट्रल जेलि में फांसी दीहल गइल रहे। येह लोगिन पर 17 दिसम्बर 1928 के एगो अंगरेज पुलिस अधिकारी सेंडर्स के गोली मरले के आरोप में मउति क सजा दीहल गइल रहे। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु सहीद दिवस पर तिन्नो महान सहीदन के सरधांजलि दिहलें। एगो सोसल मीडिया सनेसा में श्री योगी कहलें कि तिन्नो अमर बलिदानी अपने अदम्य साहस अउर क्रांतिकारी बिचारन से अजादी के लड़ाई के एगो नया दिसा दिहलें। येही क्रम में जौनपुर में पूर्व सांसद धनंजय सिंह अउर पूर्व क्रिकेटर बिनोद कांबली भगत सिंह के मुरती पर माला चढ़ा के सरधांजलि दिहलें।

**********

महाराष्ट्र सरकार क कैबिनेट मंत्री पंकजा मुण्डे आजु मिर्जापुर में मां विन्ध्यवासिनी मंदिर में दरसन–पूजन कइलिनि। नागपुर हिंसा पर पत्रकार लोगिन से बतियावत उहां के कहलीं कि पूरा मामिला मुख्यमंत्री आ गृह मंत्रालय देखि रहल हौ। दोसियन पर कड़ेर कार्रवाई होई। सरकार हर अदमी क सुरक्षा बदे प्रतिबद्ध हौ।

**********